

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Nulis mangrupa salasihiji tina opat kaparigelan basa anu dasar (nyarita, ngaregepkeun, nulis, jeung maca). Di antara kaparigelan basa nu séjénna, nulis mangrupa salasihiji kaparigelan basa anu teu bisa dicangking ku unggal jalma. Kitu ogé dina kontéks akademisi, nulis jadi hal anu héngkér, contona saperti nulis artikel ilmiah, ésai, laporan, jsb. Dina jaman kiwari, kaparigelan nulis kaasup kana kaparigelan anu mikabutuh pamikiran anu kritis (*critical thinking*) jeung kamampuh literasi (*literacy skill*), tur geus jadi kaparigelan basa lanjutan (*advanced linguistic skill*) (Zainurrahman, 2011, kc. 2).

Nulis kaasup kana kagiatan literasi, ieu pamadegan luyu jeung anu ditétélakeun ku Rahman (2018, kc. 3) yén kagiatan maca jeung nulis mangrupa literasi dasar.

Nulis jadi kabutuhan pikeun siswa dina kahirupan sapopoé. Utamana dina pangajaran di sakola. Siswa moal leupas tina nu ngaranna pangajaran. (Rahman, Sakti, A. W., Yugafiati, R., & Widya, 2019, kc. 190) nétélakeun yén pangajaran mangrupa média pikeun ngafasilitasi siswa kana kamekaran, kaparigelan jeung ngawangun méntal anu kuat, hususna dina kaparigelan nulis.

Upama siswa geus ngawasa kana kaparigelan nulis, tangtu bisa ngawasa ogé kana kaparigelan basa nu séjénna. Tapi kanyataan di lapangan, kaparigelan nulis téh kurang pisan, lantaran héngkérna minat siswa dina nulis, padahal udagan nulis téh sangkan bisa ngaronjatkeun daya pikir siswa, anu antukna siswa miboga kahayang pikeun nulis. Ieu pamadegan luyu jeung anu ditétélakeun ku Satini (2016, kc. 164). Anu nyebutkeun kurangna minat siswa dina wangun nulis. Ogé nurutkeun Rahman (2018b, kc. 14) yén kaparigelan nulis siswa can ngahontal kana peningkatan anu drastis.

Kagiatan nulis aksara Sunda mangrupa kagiatan anu kudu diajarkeun di SMA, sabab pangajaran nulis aksara Sunda kaasup bagéan tina pangajaran basa Sunda. Ieu pamadegan luyu dumasar KIKD 3.7. *menganalisis bentuk dan tipe aksara Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya*. 4.7. *mengkreasikan aksara sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya* (Lokal, 2017, kc. 36).

Tapi dina kanyataanana pangajaran nulis hususna dina aksara Sunda masih dianggap hésé jeung kurang dipikawanoh. Ieu pamadegan luyu jeung anu ditétélakeun ku Abdillah, H., spk. (2018, kc. 18). Anu nyebutkeun kurangna pangaweruh siswa dina nulis aksara Sunda.

Dumasar kana pasualan anu ditétélakeun saacanna, perlu diayakeunna modél pangajaran anu kréatif pikeun ngungkulan éta masalah, hususna dina nulis aksara Sunda. Ieu pamadegan luyu jeung anu ditétélakeun ku Rahman (2018b, kc. 3) anu nyebutkeun yén guru téh kudu ngaronjatkeun inovasi pangajaran ku cara ngamangpaatkeun *Teknologi Informasi dan Komunikasi (TIK)* boh dina *perencanaan, pelaksanaan*, boh évaluasi pangajaran ti sababaraha aspék saperti aspék kompetisi pédagogik, personal, professional, ogé sosial.

Modél pangajaran anu bisa digunakeun dina ngungkulan éta masalah téh nyaéta modél *Teams Games Tournaments (TGT)*. Modél pangajaran *Teams Games Tournaments (TGT)* mangrupa hiji modél pangajaran kooperatif anu bisa dilarapkeun pikeun sakabéh siswa tanpa ayana status anu ngabédakeunna, cara nepikeun ieu modél téh ngaliwatan kaulinan. *Teams* hartina kelompok, *Games* hartina kaulinan, *Tournaments* hartina kompetisi (pasangiri). Jadi, *Teams Games Tournaments* nyaéta pasangiri kaulinan sacara kelompok.

Nurutkeun Fathurrohman (2017, kc. 55) modél pangajaran *Teams Games Tournaments (TGT)* nyieun siswa bisa diajar leuwih riléks ogé bisa ngaronjatkeun rasa tanggung jawab, kajujuran, gawé bareng, *persaingan séhat*, jeung ilubiung diajar.

Nurutkeun Slavin (2016, kc. 177) modél *Teams Games Tournaments (TGT)* diwangun ku lima tahapan, nyaéta (1) tahap nataharkeun kelas (*class precentation*), (2) diajar dina kelompok (*teams*), (3) kaulinan (*games*), (4) pasangiri (*tournament*), jeung (5) méré pangajén.

Dumasar kana katerangan di luhur modél TGT miboga kaonjoyan pikeun pangajaran nulis. Sanajan kitu, masih kénéh dibutuhkeun ayana panalungtikan pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda.

Kungsi aya sababaraha panalungtikan anu dilaksanakeun ngeunaan aksara Sunda, di antarana panalungtikan anu dilaksanakeun ku Marshela Nur Indah Putri (2019) anu judulna “Modél *Pair Check* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis

Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas X MIPA 2 SMA Negeri 11 Kota Bandung Taun Ajar 2018/2019)". Saterusna, panalungtikan ku Lita Utami (2018) anu judulna "Kamampuh Nulis Aksara Sunda Siswa SMA/SMK Satata Sa-Jawa Barat dina Pasanggiri Riksa Budaya Sunda 2018". Dina hasil panalungtikan (Putri, 2019) di antarana kamampuh siswa saméméh dibéré *treatment* nu dipaké kaasup katégori kurang. Ieu hal katingali dina hasil rata-rata *pretest* nyaéta 50,51. Tuluy kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment* kaasup kana katégori hadé. Ieu hal katingali dina hasil *posttest* nyaéta 81. Ieu hal katingali dina ngaronjatna nilai rata-rata *pretest* 50,51 jeung *posttest* 81.

Ari hasil panalungtikan Utami (2018) kamampuh siswa SMA/SMK dina nulis aksara Sunda geus kaasup mampuh, geus bisa nulis aksara Sunda kalawan hadé. Kalawan perséntase 63.22% atawa 43 siswa tina 68 siswa nu ngilu pasanggiri.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta matéri anu dipaké (aksara Sunda). hal nu ngabédakeun nyaéta Putri ngalarapkeunna maké modél *Pair check* jeung Utami ngalarapkeunna ku cara nalungtik kamampuh nulis aksara Sunda siswa SMA/SMK anu ilubiung dina pasanggiri. Nurutkeun kana hasil panalungtikan saméméhna, rata-rata aya béda anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest* kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus dibéré *treatment*. Tapi ieu panalungtikan miboga bébédaan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta ieu panalungtikan nalungtik kana ngalarapkeunna modél pangajaran *Teams Games Tournaments* dina pangajaran nulis aksara Sunda.

Dumasar kana tinimbangan di luhur, panalungtikan anu judulna "Modél *Teams Games Tournaments (TGT)* dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén Siswa Kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun Ajar 2019/2020)" perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nyaéta:

- 1) Kurangna kamampuh siswa kana nulis aksara Sunda.
- 2) Modél pangajaran *Teams Games Tournaments* tacan kungsi dipaké dina pangajaran basa Sunda, hususna dina matéri aksara Sunda.

Mila Nursolah, 2020

**MODÉL TEAMS GAMES TOURNAMENTS DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS X MIPA 3 SMA PASUNDAN 2 KOTA BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)** Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Modél pangajaran nulis aksara Sunda nu dipaké di éta sakola kurang ngirut pikeun siswa, nu antukna ngurangan karep siswa dina diajar nulis aksara Sunda, tur mangaruhan kana kahontalna tujuan pangajaran nu dipiharep.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

- 1) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun ajar 2019/2020 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Teams Games Tournaments*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun ajar 2019/2020 sabada dilarapkeun modél pangajaran *Teams Games Tournaments*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun ajar 2019/2020 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Teams Games Tournaments*?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji cocok henteuna modél *Teams Games Tournaments* dina pangajaran nulis aksara Sunda.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) Kamampuh siswa nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun ajar 2019/2020 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Teams Games Tournaments*;
- 2) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun ajar 2019/2020 sabada dilarapkeun modél pangajaran *Teams Games Tournaments*; sarta
- 3) Béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun ajar 2019/2020 modél pangajaran *Teams Games Tournaments* saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Teams Games Tournaments*.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan modél *Teams Games Tournaments* dina pangajaran nulis aksara Sunda.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

- 1) Pikeun guru, bisa dijadikeun salaku hiji stratégi pikeun nyiptakeun siswa nu aktif, kritis, dipikaresep, tur kréatif.
- 2) Pikeun siswa, bisa kairut jeung mekarkeun motivasi kaaktifan sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna diajar nulis aksara Sunda.
- 3) Pikeun nu nalungtik, bisa dijadikeun motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngarancang sarta ngamangpaatkeun modél pangajaran nu aya salaku alat pikeun ngamekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi gambaran eusi panalungtikan kalayan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab, diwincik saperti ieu dihandap.

BAB I Bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, ngawengku tiori model pangajaran, tiori modél *Teams Games Tournaments*, nulis, aksara Sunda, jeung modél *Teams Games Tournaments* dina pangajaran nulis aksara Sunda. Tuluy, medar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Méthode Panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Mila Nursolah, 2020

**MODÉL TEAMS GAMES TOURNAMENTS DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPIRIMÉN KA SISWA KELAS X MIPA 3 SMA PASUNDAN 2 KOTA BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)** Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung pedaran, ngawengku kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh maké modél *Teams Games Tournaments*, kamampuh nulis aksara Sunda siswa sanggeus maké modél *Teams Games Tournaments*, analisis béda signifikan kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun ajar 2019/2020 antara saméméh jeung sanggeus maké modél *Teams Games Tournaments*.

BAB V ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, rékoméndasi ka pamaca, jeung implikasi modél *Teams Games Tournaments* boh pikeun guru boh pikeun nu liana dina prosés diajar, hususna pangajaran nulis aksara Sunda.